

NHAMBWA DZEPASI RESE DZEVANHU VANOTAKURWA VACHIITA ZVEKUBIWA



Pane vanhu vanosvika **mamiriyoni 50** vari kuitwa nhapwa nhasi.¹



Kutakurwa kwevanhu vachiita zvekubiwa kunopinza mari inoda kusvika **mabhiriyoni \$236** emadhora yekuAmerika pagore.²



Anenge **1 pavanhu 4** vanotakurwa zvekubiwa anenge achiri mwana mudiki.³



Kutakurwa kwevanhu vachiita zvekubiwa **kunoitika mudunhu riri rose** repasi uye kunogona kuitika kuchero munhu.

ZVIRATIDZO ZVEKUTAKURWA KWEVANHU VACHIITA ZVEKUBIWA

Shandisa zviratidzo izvi kuti uzive anogona kunge achibatwa senhapwa muzuva redu ranhasi.

KUDZORWA NEMUMWE MUNHU

Vanoperekedzwa nemunhu anenge achivatungamirira, uye munhu uyu anenge achitaura asingazvimiririra, asi anenge achitaura seari kumiririra mumwe munhu.

KUTARISWA KWESE KWAVA- NOENDA

Vanoita zvekutakurwa kuenda nekubva kubasa kana kuti vanogara kana kuti kushandira panzvimbo yakafanana. Vane zviratidzo zvekuti vanenge vachidzorwa uye vakatariswa kwese kwavanoenda.

KUSAPIHWA MUBHADHARO

Havakwanisi kuchengeta mari yavanowana uye vanomanikidzirwa kuipa kune mumwe munhu. Kazhinji kacho, munhu wacho anenge aine chikwereti chaanenge achishandira kuti achibhadharire.

KUSAZIVIKANWA ZVIRI PAMUTEMO

Vanenge vasingazvichengeteri mapasipoti avo, zvitupa, kana kuti magwaro avo epamutemo.

KUTYA ZVIKURU, KUORA MWOYO, UYE HUNHU HWEKUZVIISA PASI

Vanotyisidzirwa kuti vasataura nevanhu vavasingagare navo uye vane masimba sezvo vanenge vachitariswa kwese kwavanoenda nemunhu kana kuti vanhu vanenge vakavatakura zvekuvaba. Vanogona kunge vachiratidza kutya zvikuru, kuora mwoyo, kuzviisa pasi zvapakfurikidza mwero uye vasingakwanisi kutaura vakakutarisa kumeso.

KUNYENGEDZWA NEBASA REKUNYEPERA

Basa chairiro ravanoita rakasiyana nebasa rakashambadzwa uye ravakaforera kuti variwane.

KUNZWA VAISWA MUMAMIRIRO EZVINHU AVASINGAKWANISI KUBVA MAARI

Vakaratidza kuti havakwanisi kubva pavanogara kana kuti kusiya basa ravo nekuda kwemamiriro ezvinhu aripo.

1. Global Slavery Index. (2022). Global Slavery Index Report 2022.

2. Profits and Poverty: The Economics of Forced Labour (2024)

3. Global Slavery Index. (2022). Global Slavery Index Report 2022.

KANA UNE ZVAURI KUFUNGIRA, ZVIMHAN'ARE

Sikana kodhi yeQR kuti usevhe, utumire kuvamwe, pamwe nekufona panhamba idzi kana ukapupurira kuti pane vanhu vari kutakurwa zvekubiwa.

